

Senarai Bagan No 2.

S. BUNTUNG dan TUTUGAN  
Gaya SANTANG

SILAT



S. SUKARODDAR

12

SERIAL BAGIAN KA 2  
“BUNTUNG dan TUTUGAN:  
*Siaka* SANTANG

Djilid Ka I<sup>2</sup>

★  
Karangan .

*S. Sukandar.*

★

TJARINGIN 

BANDUNG — 1970

HAK TIPTA DITANGTAJUNGAN KU UNDANG<sup>2</sup>

**BUKU<sup>2</sup> ANU TOS MEDAL :**

1. Seri Si Buntung Djago Turugan ka 40 tamat.
2. Seri Waliwis Bodas djilid 33 hantjaeu
3. Seri Siti Muljati djilid ka 14 tamat.
4. Seri Djaka Santang djilid ka 12 hantjaeu

Sadajana karangan S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh ka Toko<sup>2</sup> Buku pangtjaketna



## **Bagian - ka 34**

- GURINDJAL Banda hudang, hate lain deui ngalenjapna barang mireungeuh dampal suku Pa Wahidi nijusul tepsus deuk ngadjedjek beungeut, ngan hadena Banda kaburu keneh ngagentak ngawangun gerakan djogo andjing, ngabarengan gerakan leungeun katuhuna ngagunakeun teunggeulan kepang nu teu salah deui mapag mumuntjanganana Pa Wahidi, „Duk!“ gerakan dampal suku Pa Wahidi beunang digagalkeun, sana djan teu matak ngalumpuhkeun, tapi Pa Wahidi ngadjerete bari ngedjat ka tukang, kasempetan hade pikeun Banda, ngagentak manehna ngadjeregdjeg nangtung.

„Hahahah — kutan teh aja keneh hodjahna — — — hah?“ Pa Wahidi kalah ka ngahahab, mesong ka Banda „Heh.... sireum ge ditintjak tintjak teuing mah ngegel — — Wahidi!“ Banda nambalang bari tjipanon mah tetep ngutjur balas tadi ditampilingan ku Pa Djaja teu ngalawan soteh lain teu wani, ngan ras mikirkeun kaajaanana Lasmanah nu keur digarenjang kalawan kasar naker.

*“Huh.... paling<sup>2</sup> ge modar deuleul” Pa Wahidi  
bari njebrutkeun peureupna.*

*PAHD, Paeh hirup kumaha nu ngajuga -- Wahidi! Lain  
ditangtukeun ku andikal! Banda bari rikat djingkrak  
njingkahan panimpug, ret manehna ka Lasmanah nu  
keur dipaksa direrejang ku Pa Djaja djeung ku Mursiah  
digusur deuk dibawa kaluar ti pakaranagan.*

*ZWD, Deuk dibawa kamana -- Djaja! Montong digang.  
gu deuleu Nji Elas mah!“ Baada antukna mah napsu  
oge ka Pa Djaja, lantaran pamikirna sawadjan ngelehan  
maneh oge tetep taja paedahna, ku kituna djorelat  
bae manehna luntjat muru ka Pa Djaja bari langsung  
ngadiuskeun peureupna.*

*JAYA, Montong loba pamolah sia -- Banda!“ Pa Djaja  
bari ngagentak malik ngatjulkeun heula Lasmanah, gi.  
lek manehna njerong ngauhu ngabarengan gerakna  
leungeun katuhu deuk ngababuk pigeulang, tapi Banda  
rikat narik deui leungeunna bari ngagilek njerong  
nuturkeun posisi Pa Djaja sedengkeun peureup kentja  
na ngadius deuk ngadagor tjukang irung. orokaja --  
kalah kumaha oge Pa Djaja teh tingkat pangabisana  
djauh aja di saluhureun Banda. ku kituna kalawan  
tapis naker manehna ngagerakeun leungeun katuhuna  
dipake nakis ngabarengan ngadjorelatna dampal suku  
kaiuhu, nu iumerapna ka Banda sakali gus ngageblag  
ka tukang bari ngagerung nahana kanjeri di dua tempat  
beuteungna asa tobros sarta tjarehamna asa bengo di-  
dagor ku peureup kentjana Pa Djaja.*

„Hahahahah... tjeuk aing oge montong laba pa-nolah... Banda! Moal nempli deuleu ka aing mah... murid muriad!” Pa Djaja ngagakgak bari 'njeureu-deug deuk ngahantja deui Banda nu keur ngabebeng kang.

„Lasmanah nu harita ngan ukur ditjekelan ku Mursiah, ngagentak manehna meta hajang lesot, leungeun-na dikedjekeun bari dibarengan ku teunggeulan leu-ngeun kentjana kana pigeulang leungeun Mursiah, „Duh siyah!” Mursiah ngagero bari ngelepong, tapi ngagentak manehna ngarondjang deuk njerek deui leungeun, olokaja Lasmanah rikat ngagilek njerong ngatuhu ngabarengan gerakna leungeun katuhu dipake nunukup pigeulang Mursiah bari langsung ditjerek satakerna, det... ditjeniok, solontod... Mursiah deuk tikusruk, biuk... teunggeulan kepang Lasmanah nu di-wangun ku leungeun kentja ngadjodjo punduk, „Duk!” niba satakerna, „Ieueueung...! Tulung Kang Djajaaa!” Mursiah ngotjeak menta tulung ka Pa Djaja ngabarengan badanna nu ngagedebut bangkunan.

„Montong kokotjeakan... galadag!” Lasmanah ngorowok, lain deui napsuna ka Mursiah, eukeur mah ngarasa tjua ku laku lampahna, katurug turug deui tadi make ngadjambak kana buuk, ku kituna geus teu kudu ngalobakeun deui mikir, djorelat manehna luntjat sarta langsung ngadjedjekeun dampal sukuna kana sirah Mursiah nu harita keur ngadjurungkunung deuk-hudang, atuh kapaksa daek teu daek tarangna kudu bantrek deui djeung taneh garing nu garintul pinuh ku batu.

- Puguh we tumerapna ka Pa Djaja lain deui ngarandjugna barang ngadenge koijeakra Mursiah, sabek. bekeun manehna teh harita deuk ngahantja deui Banda nu masih bener ngabebengkang, ku kituna kapaksa manehna ngaregog diselang ngalieuuk heula ka palebah Mursiah, nja puguh pikeun Banda mah mangrupa hidji kauntungan nu lain leutik leutik, ngagentak manehna ngagurindjal sarta langsung ngababadkeun teunggeulan dampal leungeunna kana bintjurang Pa Djaja. ari dedadak ari galeong— gebut bae Pa Djaja nambru. sedengkeun Banda ngagentak ngadjeregdjeg nangtung.

„Aduh... kurang adjar sia..., ngalawan... hah sia teh ka aing? Dipodatan enja<sup>2</sup> siahi<sup>41</sup> Pa Djaja bari ngoredjat hudang, sakilat ngareset ka Pa Wahidi geus ngadjorelat deuk njamber Lasmanah, ku kituna dius bae manehna njebrutkeun peuseupna ka Banda bari dibarengan ku amarah nu muntab<sup>2</sup>, boga rasa diunghak ditjampelak ku sahandapeun, da puguh dilain lain ge Banda teh beunang disebutkeun murid manehbanana.

-Tapi Banda nu ajeuna mah geus nekad sedja ngajawan antjur anturan, manehna ngagentak ngageser-keun kuda<sup>2</sup>na ka gigir beulah kentja. bareng djeung ngeplosna panimpug Pa Djaja, srog Banda ngasupkeun suku katuhuna ka hareup ngabaiengan gerakna leu-ngeun katuhu nu geus ditilepkeun ngawangun siku-sarta teu emis deui—... „Djrot!.. njatok tjareham”

„Uuuuuuh... . . . . III” aja oge tumerapna ka Pa Djaja  
nepi ka ngagerung bari sirahna ngaleuggak ka tukang,  
sabot kitu gilek Banda n'lik njerong ngatuhu bari  
djeung ngabeatna leungeun kentja mangrupa teunggeul-  
lao nu katjida tjepetna ngadjedjek kana punduk, se-  
dengkeun peureup katuhuna sakilat meta di handap.  
„Duk!” teu salah deui notog hulu angen, nu tumerap-  
na ka Pa Djaja kapaksa sadjongdjongan panonna mo-  
lotot bari teu nendjo, dikenal punduk bari djeung  
ditotog hulu angen nu datangna babareungan, geus teu  
kudu ditjaturkeun deui kumaha njerina, panon asa  
ngagedjlok sarta djadjantung asa tjoplok, nu antukna  
kapaksa Pa Djaja ngudupruk njuuh, ngambekan seuseut  
bari djeung tetendjoan kararoneng.

—Ret Banda ka Lasmanah, gawena keur luluntjatan  
njingkahan panaradjangna Pa Wahidi nu dibantu ku  
Mursiah, tadi teh waktu Pa Wahidi njampeuk deuk  
newak peupeuteujan, Lasmanah rikat ngedjat baringa.  
babukeun teunggeulanana kana pigeulang, tapi Pa Wa-  
hidi ngagentak ngarondjang, pamikirna pirakaning oge  
awewe moal sabarahia ieuh hodjabna sarta tanagana,  
orokaja Lasmanah rikat ngolebat ka gigireunana bari  
ngadagorkeun peureupna kana iga burung, sanadjan  
ber peureupna teu sagede peureup lalaki oge tanaga-  
na oge moal sabedas tanagana lalaki, tapi da puguh  
gareng<sup>2</sup> oge geus nampa panggembeleng ti nu djadi ba-  
pa, teu burung we tumerapna ka Pa Wahidi matak

nimbulkeun seueul kana angan, sarta kakara oge ma-  
nehna robah kuda<sup>2</sup> njerong bari ngarondjangkeun deui  
leungeunna, Lasmanah geus ngolebat manten bari ngi-  
pratkeun dampal leungeunna kana beungeut, nu antuk-  
na Pa Wahidi teh djadi napsu enja<sup>2</sup> lantaran tetela  
Lasmanah teh hese naker ditewakna malah bari djeung  
terus terusan ngebrehkeun hodjah teu beda ti nu nang-  
tang perang, nu matak geus kitu mah sebrut bae Pa  
Wahidi males naradjang, orokaja Lasmanah teh benerz  
lingas, manehna terus luluntjatan lantaran ari kudu  
ditagenan mah geustangtu manehna moal bisa nendeng

84 „Montong ngaganggu Nj: Elas ... Wahidi!“ Banda  
njosrowok bari sakilat ngadjorelat ka lebah Pa Wahi-  
di, dius ... peureupna njebut dina katjepetan nu lain  
takis takiseun.

„Heheheh... aja keneh hodjaha o tjetjing kalung  
teh?“ Pa Wahidi ngahahah bari ngagentak ngagilek  
sarta ngahadangkeun leungeun kentjana. Dukl<sup>1</sup>, peu-  
reup Banda gagal gerakanana hiuk... peureup katuhu  
Pa Wahidi njebut ka hareup, tapi Banda teu ,kurang<sup>2</sup>  
ringusna. sakilat manehna ngagunakeun leungeun  
kentjana dipake ngagiwarkeun panondjok nu deuk  
ngabentur ijkang irungna, orokaja Pa Wahidi sakilat  
ngangsrodkeun suku katuhuna ka hareup ngagunakeun  
djalan dhero bari musatkeun tanaga dina dua leungeun-  
na sarta langsung dipake ngagebag badanna Banda,

nu tumerapna ka Banda nu memang teu bisa nahan  
tanaga dorongan Pa Wahidi nu katjida rosana, manehna  
kontan tidjengkang, bareng djeung eta kälawan sakilat  
naker suku Pa Wahidi nu tadi ngangsrod ka hareup  
geus ngabeat dipake njalu bintjurang, nu antukna pikeun  
Banda mah geus teu bisa deui nahan kasaimongan  
badanna, harita kench oge manehna ngagebut nangkarak  
bengkang.

„Hahahah... hamajua sia make hajang ngalawan  
ka aing ... bah?“ Pa Wahidi ngahahah bari ngadjeng-  
katkeun dampal sukuna deuk dipake ngadjediek  
beungeut.

- Tapi Lasmanah teu tjitjingeun, njaho jen Banda  
diantjam bahaja, sakilat manehna njamberkeun peureup-  
na ti gigir beulah katubu, nu tumerapna ka Pa Wahidi  
kapaksa kudu ngagagalkeun panaradjangna ka Banda,  
dampal suku nu geus didjengkatkeun teh kapaksa dita-  
rik ka tukang ngabarengan gilekna badan ka beulah  
katuhu, heat.... leungeun katuhuna meta pikeun newak  
pigeulang Lasmanah, orokaja Banda nu harita geus nga-  
gurindjal, ngagentak manehna ngarontok suku katubu  
Ba Wahidi, sakali ditjentok kontan badan Wahidi ngo-  
leab ka hareup nu saterosna ngagebut nangkunan sarta  
tarangna pisan nu pangheulana ngabeletuk kana tanehu,  
sedengkeun Banda ngagentak njelegedeg nangtung.  
„Andjing siyah! Bener<sup>2</sup> sia teh kudu dipodaraan!“ Pa  
Djaja nu harita geus hudang deui, sakilat ngadjorelat  
bari njamberkeun peureupna ka Banda.

- "Baeu Djaja ari bisa mah! Moal owek ku njawa  
deuleul" Banda nambalang bari ngedjat njingkahan  
panondjok, sebrut manehna males naradjang nga.  
diuskeun djurus ampuhna nu teu saeutik matak nga.  
bahajakeunana, tekad geus gilig moal ajang kumalang,  
kadjeun teuing antjur lebur djadi lebu djeung ti.  
nimbang teu bisa nulungan ka Lasmanah nu harita  
djelas deuk dibawa kabur ku Pa Djaja, ongkoh deui  
kumaha ngadampratna engke Djaka Santang ka  
manehanana lamun njata<sup>2</sup>. Lasmanah teu bisa disa-  
lametkeun.

- Ku kituna sanadjan bener Banda tingkat pa-  
ngabisana aja disahandapeun Pa Djaja, tapi kulan.  
taran dibarengan ku hate nu gembleng sarta ku  
tekad nu ngagugudag kadjeun antjur tutumpuran,  
tumerapna ka Pa Djaja nja teu wudu matak riweuh  
oge, antukna nu galungan teh beuki lila kalah ka  
beuki hebat bae, pakarangan teh mani geus ledug,  
djudjukutan ratjleng, taneuh mulek matak eungap  
kekebulna arasup' kana liang iiung meledug teu  
beda ti haseup, katjaangan ku bulan rejem<sup>2</sup>.

- Sedengkeun Lasmanah nu satekah polah nga  
lawan ka Pa Wahidi lha<sup>2</sup> mah geus teu bisa naon<sup>3</sup>  
deui, eukeur mah awewe ka turug<sup>2</sup> memang moal  
nempil ari kudu nandingan Pa Wahidi mah, antuk-  
na Lasmanah kapaksa serah bongkokan, ngan ukur  
bisa babadug minangka hodjahna teh, tapi saeutik  
oge teu ngadatangkeun hasil, ongkoh dua leungeunna

ditalikung ka tukang ditalian ku wawaun, mireuh  
ngeuh Banda nu keur djodjoh teh dieung Pa Djaja,  
Lasmanah ngan ukur bisa njurudutkeun tjiapanon.

WY „Montong djebleh siah... Kuntianak! Lantjang  
sia make njebutkeun galadag ka aing bah? Komo  
sia mah lenwih2 deuleu! Si Santang dilajanan.... Si  
Banda nja kitu keneh... huu!“ bari kaprot<sup>2</sup> Mursiah  
Gamplii gan Lasmanah, ngarasa gemes nu lain kieu  
na, pangpangna mah tadi sirah manehanana nepi  
ka didjedjek, geus we tarangoa meunang hadiah  
endog baiam.

LS „Aduuuuh... paehan we Bibi... sareng tinim-  
bang dikieu kieu mah.... pasrah... rido... Bibi....“  
Lasmanah sorana pegat<sup>2</sup> bari tjiapanonna terus mu-  
rubut ngabaseuhan beungeutna.

ZBS „Naon? Heh... teu kudu dipenta ge... pasti  
deuleu... sia teh bakal dipodjaran!“ bari kaprot  
deui Lasmanah ditjabok.

WY „Aduuuuuuh... Kang Santaaasang... tingali ieu  
... nasib Elas... dugi ka kieuna...“

LS „Alaaaaah... montong sasambat ka Si Santang  
deuleu... moal ge mantog deui ka dieu ari geus  
bentet mah... tuh deleh anggur mah Si Banda....  
sakeudeung deui oge manehna bakal kodjor!“ bari  
djebet deui Lasmanah ditampiling.

-Disedjen pihak nya eta si Djiran nu keur patutung galan djeung si Karun, lila<sup>2</sup> mah manehna kadeseh oge lantaran tetela tingkat pangabisana si Karun teh aja di saluhureunana, nu antukna si Djiran ngabebengkang bari boborot ngaluarkeun getih tina sungut djeung tina irungna, atuh si Sarbon nu ngalawanana si Odeng, nu turkeun ngadjungkel bari selang seling, geus puguh si Karbol mah katitih bener bener ku si Anta nu memang wewesenna djauh aja disaluhureun manehna, antukna manehna oge ngadjapapang bari teu inget di bumi alam bari sungutna ngabudah ngalekkeun getih hirup.

-Nu kari ngan ukur Banda, tapi ari lila<sup>2</sup> mah nya kitu tea bae manehna ogé teu tahan, puguh ge lain pitandingeunana Pa Djaja mah, nu antukna Banda ngagedebut nangkarak bengkang, sarta bakara ge ngagurin. djal deuk budang, dampal suku Pa Djaja geus ngadjedak manten kana gadona, ..Uuuuh....!!!" Banda ngagerung bari baonna ngageblag deui nangkarak, sebro<sup>t</sup> getih tina sungutna muntjrat.

*Las*, „Kang Bandaaaa... ...!!!" Lasmanah ngotjeak barang ni'reungeuh kaajaan Banda nu teu beda ti munding di peuntjit.

*Baud*, „Elaaaa... buhuhuh... Kang... Kang Bauda... ha... hapunten... teu... teu tiasa... nu... nvlungan... ...!!!" Banda nu harita maksakeun deuk budang, golepak deui manehna nangkarak, sedeng tina sungutna terus terusan ngaberebejkeun getih hirup.

Jaya, Hahahah... mojar sia Banda ajeuna oge... tumas  
deuleu... manusia nu ngunghak tjampelak mah... kudu  
didudut njawanal Heh... geura sambat indung bapa  
sia... Banda, ajeuna ge sia pinasti bakal disampurna-  
keun... bongan gawe sia sorangan make wani ngabang-  
kang sarta mapalangan kana kahajang aing!'' Pa Djaja  
bari stet mesat bedogna, kolebat... bedogna diheum-  
batkeun ngabarengan djeritna Lasmanah sorana manj  
leslesan, sedengkeun Banda ngagentak peureum, teu  
wasa mireungeuh barasatna seuseukeut bedog nu moaj  
salah deui bakal ngagabres kana beuheungna.

-Tapi ngadadak... djorelat... aja nu luntjat ti luar-  
revu pager pakarangna sarta langsung ngabelesat ka  
palebih Pa Djaja, djebrod... dampal suku nu ngahantja  
iga burung Pa Djaja nu harita sabekbekeun ngabantja-  
keun bedogna, teu ngalobakeun deui tjodeka gebut bae  
Pa Djaja tibeubeut ragragna ujangigir sarta tjongo  
bedogna ngagabres kana tanehuh.

„Eling... Djaja! Kalangsú teuing kalakuan teh  
... bemh?'' nu anjar datang teh ngorowok nu taja lian  
ti Pa Djenar.

«Puguh we tumerapna ka Pa Djaja lain deui nga-  
randjugna sara hatena ngadadak peot, lantaran maneh-  
na geus jakin jen moal nendeog lamun kudu patutung-  
gatan djeung Pa Djenar, ku kituna ngagentak manehna  
ngoredjat hudang, seak... gadjleng manehna luntjat ka

palébab Pa Wahidi sarta maksudna mah deuk terus mangpret bari sakalian ngadijakaa Pa Wahidi, lantaran pamikirna, sanadjan Pa Djenar dikerepuk oge tjan ka-ruhan bisa dielehkeun.

- Atuh Pa Djenar mireungeuh Pa Djaja ngedjat teh teu mirosea ieu h lantaran nu perlu mah manehna kudu buru<sup>2</sup> nulungan Banda nu kaajaanana geus sakitu matak njalempangkeunna, orokaja Lasmanah ngagero ka Pa Djenar, ku kituna ngagentak Pa Djenar malik, breh teh bener Lasmanah keur digenjang ku Pa Wahidi djeung ku Mursiah.

*Paje* „E....eh?” Pa Djenar ngariuk kaget, memang tadi mah ku manebna teu katiten jen Lasmanah aja di dinja ngagentak manehna njampeurkeun tapi Pa Wahidi nikat ngahadang ka hareupeunana dari langsung njebukturkeun peuteupna nu dibarengan ku gorowokna.

*Jeu* „Montong pipilueun kana urusan baur....Djenar!”

*Paje* „Heh....urusan batur kumaha? Nja memang urusan kaula keneh jen teh....Wahidi!” Pa Djenar bari nikat djingkrak.

*Teu* „Teu perlu pipilueun deuleu!” Pa Wahidi bar nikat ngagilek, hiuk....peureupna ngadius deui, tapi Pa Djenar ngagenta<sup>3</sup> njingtjet, habek pibeulang leungeun Pa Wahidi dikenal, lumajan karasana nepi ka singsi-reumeun, tapi kakara sakitu mah teu matak ngadjadikeun pugag kana gerakanana, harita keneh oge gilek Pa Wahidi nuturkeun posisi lawan ngabarengan gerakna Jeungeun kentja nu njuruntul ka hareup, tapi Pa Djenar

rikat ngageserkeun kuda<sup>2</sup>ua ka beulah katuhu, heat .. .  
Duk!" digiwarkeun ka kentja ku leungeun kentjana,  
bareng djeung eta gilek Pa Djenar njerong ka katuhu  
ngabarengan gerakna leungeun katuhu ngagunakeun  
teunggeulan kepang, biuk.... "Duk!" ngahantja punduk  
bareng djeung eta leungeun kentja Pa Djenar meta di  
handap ngasupkeun sodokanana, „Duk!" teu emis  
deui ngahantja iga burung, nu pikeun Pa Wahidi mah  
dol<sup>2</sup> ngagerung bae bari badanna ngagaleong sarta  
semu<sup>2</sup> dojong ka hareup, tapi puguh ge manehanana  
teh kasebutkeun lain djalm<sup>1</sup> ipis<sup>2</sup> pangabisana, ku kituna  
kalawan sakilat naker manehna geus bisa njebutkeun  
peureup kentjana ka gigir nu maksudna deuk nobros  
beuteung, nu tumerapna ka Pa Djenar kapaksa kudu  
ngarempod bari ngangsrodkeun suku katuhuna ka tukang  
ngagunakeun djalan luar, biuk ... leungeun katuhuna  
djheumbatkeun pikeun ngepang pigeulang, tapi Pa Wa-  
hidi ngagensak ngadjorelat ka hareup bari njamberkeun  
dampał suku kentjana ka gigir, maksudna mah deuk  
njabet suku Pa Djenar, ngan bae kapaksa njamos lan-  
taran nu diarahna leuwih rikat njingtjetkeun sukuna.

— Pa Djaja nu harita geus ngeukeuweuk deui Lasma-  
nah babarengan djeung Mursiah, meungpeung Pa Dje-  
nar ra<sup>2</sup>ot keneh djeung Pa Wahidi, ngagentak manehna  
njered Lasmanah dipaksa dibawa kaluar ti wawanganan  
paguron nu harika sungutna geus dibekem

ku wawalun supaja ulah bisa djedjeritan, atuh batur<sup>2</sup>.  
na nu sedjen geus djitung djeleng laluntjatan ka luareun  
pager, kono si Karon mah geus titadi keneh, lantaran  
barang breh oge mireungeuh Pa Djenar, lain deui ngaa-  
rasa sieuneunana, sarta saurang ge taja nu ngabantuan  
cukeur mah kabeh oge pertjaja kana wewesenna Pa  
Wahidi, katurug turug deui ditjaram ku Pa Djaja, keun  
we tjenah nu keur galungan mah ulah diganggu,  
anggur urang mah tiheula urang maogpret, atuh upama-  
na bae Pa Wahidi teu kuateun 'ngajonan Pa Djenar,  
ari ngan sorangan mah tangtu moal hese ngabeletjetna.

—Pa Djenar barang mireungeub Pa Djaja njered Las-  
manah, maksud mah bajang builungan, orokaja Pa  
Wabidi teu pisan mere kasemptan, sakilat naker  
manehna njampeuk bari njamiberkeun peureupna memang  
manehna teh geus ngarti kana maksudna Pa Djaja  
nu matak manehna ssitekah polah deuk nahen Pa Dje-  
nar sangkan Pa Djaja sabuturna bisa kalaiuar heula ti  
wawangunan paguron.

—Ku kituna dina naradjangna teh geus teu make  
ugeran deui, Pa Djenar terus terusan dihuqjanan ku  
tondjokan sarta teunggeulan<sup>3</sup> nu matak mateni, nu  
tu nerapna ka Pa Djenar nja teu wudu ngadatangkeun  
riweuh oge, tapi ngaran<sup>2</sup> djawara nu geus molan, sarta  
goreng<sup>2</sup> oge manehna teh ngabogaan paguron, nu hal  
ieu teh geus tjukup djadi djaminan jen wewesenna Pa  
Djenar teh laio lalaworakecuneun, nu matak teu kudu

heran mun sagala panaradjangna Pa Wahidi teh gena bisa disieuhkeun kalawan tapis naker, atub dina malesna naradjang teu wudu Pa Wahidi teh nepi ka gagalapan kan, sok padahal manehna teh beunang disebutkeun lain djago sakatiga, tapi sakali ieu mah dina njangba. reupan djurus<sup>2</sup>na Pa Djenar ajeuda, teu wudu tumerapna teh matak ngalenjap oge.

Waktu peureup Pa Djenar ngadius deuk ngabentur hulu, Pa Wahidi sakilat ngarobah kuda<sup>2</sup>na ngabarengan robahna awak pikeun njalametkeun diri tina timpugan nu djadi lawso, leungeun katuhuna ngaheat pikeuna ngababuk djurus musuh sedengkeun leungeun kentjana nu turkeun ngabejesur deuk notog dada, sarta ku idjiran mah lawanna teh sakali ieu mah moal bisa ngepeskeun panaradjangna, tapi Pa Djenar tjukup kesit dina ngimbangan katjepetan nu djadi lawanna, leungeunna deuk ditimpug ngadadak ngaleungit tina panendjo teu beda ti gerakan lauk di djero tjai bese pisan ditewakna, djerelat Pa Djenar djingkrak ka kentjaeun Pa Wahidi bari njamberkeun 'djurusna, nu tumerapna ka Pa Wahidi kapaksa kudu malikeun deui badanna saasal tadi, leungeun kentana dipake nakis sedengkeun leungeun katuhuna njebrut deuk ditimpugkeun kana dada lawan, tapi sakali ieu mah Pa Djenar teu pisan ngedjat, malah kalah ka ngangsrodkeun suku katuhuna ka bareup ngabarengan gerakna dua leungeun dipake njuaj leungeun kenja katuhuna Pa Wahidi, bareng djeung eta...”

Dukl' tuur Pa Djenar saterwana ditendjelkeun dipake ngabeset hulu angen, „Uuuuh....” Pa Wahidi ngagerung bari ngalenggak, sabot kitu hiuk....dua leungeun Pa Djenar nu tadi mentas dipake njuaj sakilat ngaheat ka bareup, „Dukl' teu salah deui ngagentjet sitahna Pa Wahidi ku teu geulan kepang kana palebah puhu tjeu. Iina pisau, „Tobaaat....!!” Pa Wahidi ahirna ngoijeak bari badanna ngagebru ka hareup. njungkruk kana tanehu teu beda li begu njungkur.

— Sugih teh geus moal aja hodjahna deui, ana gurindjal teh Pa Wahidi budang sarta laogsung ngagapruk kana suku Pa Djenar, ngan hadena Pa Djenar tjukup tjiogéus, ngagentek manehna ngadjaui ka iukang, mun teu kitu mah banteu, dituar li handapna mah sakumaha tangguhia oge piraku teu runtub.

*PjE*, „Heb....garang keneh we... hodjahna mah....” Pa Djenar ngagerendeng bari mentjrong ka nu djadi lawanna.

*SjE*, „Huh....na pangrasa andika... kaula teh geus medok kitu?” Pa Wahidi bari ngagentek ngoredjat, ijelegedeg manehna uangtung sarta terus langsung ngawangun gerakan andelanana nu ditjiri wantjian ramo<sup>2</sup> leungeun kentja katuhuna njarolotjos mantjo ka bareup.

*PjE*, „Hemb... gerakan Tadji malela ...” Pa Djenar ngagerentes di djeru batena, memang manehna geus

tjukup nganjahoankeua kumat a kahebatanana gerakan tadji malela nu dipiboga ku Pa Wahidi.

“Heh awas Djenar!” Pa Wahidi ngorowok baris dius badanna njebrot dina katjepetan nu luar biasa, Pa Djenar ngagentak ngolebat ka gigir, tapi Pa Wahidi rikat malik bari tetep mantjokeun ramo<sup>na</sup>. Pa Djenar kapaksa ngolebat deui ka katuhueun lawan bari nadjongkeun dampal suku katuhuna deuk ngahantja kekemplong tapi sakilat Pa Wahidi malik bari ngabarengan dua leungeunna ngarondjang deuk newak dampal suku, memung ieu pisan nu dipikahujang ku Pa Djenar oge, nadjongkeun dampal sukuna sotek ngan saukur mangrupa gerak tipu manijing mauung di djero guha. nja eta supaja ditewak, lantaran ku djatan ieu teh kalawan teu sadar nu djadi lawanna geus ngabujarkeun gerakanana sorangan, ou ngandung harti gerakan tadji malela teh djadì leungit sipatoa, ku kituna pikeun Pa Djenar mah kalawan samemena pisan ngadiuskeun djurus paundung musuh nu dibarengan ku narik deui dampal suku katuhuna nu saterusna ditempatkeun di satukangeun suku kentjana, „Duk!” teu emis deui djuros panundung musuh teh ngahantja kana tjareham, bareng djeung eta biuk deui disugul ku peureup kentjana „Duk!” ngahantja kana puhu tjeuli, „Aduuu... !!!” Pa Wahidi ngagerung deui bari sirabna ngalenggak.

-Tapi tetela bebatna teh, manehna teu terus ngage-debut lantaran kalawan sakilat naker geus bisa narik suku katuhuna ka tukang, malah tambah<sup>2</sup> matak kaget-na, sakitjeup manehna geus bisa ngawangun deui gerakan Tadji malela sarta langsung disamberkeun deuk ngagabres kana beuheung, tapi Pa Djenar katjida tjingueusna sagilek manehna geus bisa njalarneikeun beuheungna, leungeun katuhuna ngabeat dipake nakis sedengkeun leungeun kentjana nu geus diwangun teunggeulan kepang geus teu bisa disingkahan deui ngagampleng kana iga burung nu tumerapna ka Pa Wahidi nepi ka ngagigeug teu beda ti langlajangan kurang angin, geus kitu mah teu mitjeun deui tempo, biuk... djurus panundung musuh nu diwangun ku peureup<sup>2</sup> kentja katubu ting-galedjrot datangna patutur tutur ngahantja gado djeung palipisan, nu antukna koleab... blak bae Pa Wabidi nangkarak bengkang.

o -Tapi sanadjan geus dua kali pisan manehna ngage-debut, ari kawanina mah masih keneh gembleng, oge daja tabanna tetela tatjan regrog, sakilat manehna ngo-redjat bujang deui sarta langsung njuruduk masih tetep ngagunakeun gerakan Tadji malela, nu pikeun Pa Djenar mah teu wudu ngarasa pusing oge lantaran lawanna teh tetela katjida bandelna, sedeng kaajaan hatena terus njo-lok ka Lasmanah nu geus kanjahoan dipaksa disered ku Pa Djaja kaluar ti wawangunan paguron, mikir ka dinja ngageniak manehna ngawangun pasangan maung lugaj, leungeun duanana mantjo

Li hareup murukukung nangkub nu dibarengan ku sora  
ngagereng matak njentarkéun hate, nu tumerapna ka Pa  
Wahidi lain deui ngarandjugna, tapi ari gerakanana mah  
erus njebrut, djebrod . . . neumbrag badanna Pa Dje-  
nar, sigana neumbrag badan soteh, lantaran ari saenjana  
mah gerakan tadji malela teh ditahan ku dua leungeun-  
na Pa Djenar, ku kituna ramo ramona Pa Wahidi teh  
ngan ukur plus plos ka tempat kosong, malah leuwih  
ti kitu mamalana nu kudu karandapan ku Pa Wahidi;  
sadjabana ti gerakanana geus bisa digagalkeun kalawan  
mutlak, badan manehanana ngadadak ngadjungdjung ka  
luhur diangkat ku dua leungeunna Pa Djenar semu nu  
hampangeun naker, sarta teu antaparah deui ngan kele-  
weng bae Pa Wahidi dibalangkeun.

„Aaaaaaa . . . !” Pa Wahidi ngotjeak bari badan-  
na ngalajang di luhur, gebut . . . manehna niba lemah  
teu beda ti nangka asak ragrag, sadjongdjongan mah  
manehna ngadjehdjer kawasna bae lelembutanana ngadadak  
ngabelesat mabur, tapi teu kungsi lila koredjat  
manehna hudang, ret ka Pa Djenar nu masih keneh  
ngadjega ngawaskeun, teu antaparah deui ngan djorelat  
— djleng . . . manehna ngaluntjatan pager pakarangan  
kereles ka nu poek.

„Mangke ulah waka mabur . . . Wabidi!” Pa  
Djenar ngagorowok bari ngagentak ngudag, tapi tetela

Pa Wahidi geus teu tempong kalangkang<sup>2</sup>na atjan, nu pikeun Pa Djenar mah lain deui ngarasa bingungna, babakuna mah ias inget ka Lasmanah, satadina sanadjan bener Lasmanah geus hasil dibawa kabur ku Pa Djaja, tapi ari bisa njerek Pa Wahidi mah aja barepan bisa katulungan keneh.

—Ku kituna geus teu ngurus dikatjape, berengbeng Pa Djenar ka tonggoh, geus sidik euweuh; seak Pa Djenar balik deui ka lebak, tapi tetela Pa Wahidi teu kapanggih, geus karuhan kitu mah gidig bae Pa Djenar muru ka wawangunan paguron, ongkoh ngarasa melang deui ka Banda sabaturna nu memang kudu buru<sup>2</sup> meu-nang pangrawat, lantaran katempona tadi teh bangun nu katjua pajahna, tapi sadjeroning leumpang teh hate mah keukeuh we njolok ka Lasmanah, pinuh timburu goreng, sok sanadjan bener Pa Djaja teh pamanna, tapi puguh geus kanjahoan kitu taladjakna, ka nu djadi lanjeuk pribadi geus kitu tindakanana, komo ka nu djadi alo kaponakan mah, teu mustahil upama Pa Djaja ngalakukeun tindakan nu lain<sup>2</sup>— .

ooOoo

### BAGIAN KA — 35.

—ANDJOGNA Pa Djenar ka Samarang teh memang ngahadja ngalongok nu di paguron, saperkara ngarasa melang ka Lasmanah, kadua perkarana inget ka Djaka Santang nahe geus balik ti Dawuanna atawa tatjan, asana teh mani ngampleng naker, tapi lamun seug geus balik piraku nepi ka teu njimpang heula ka Bandjarsari.

— Hal ieu teh pikeun Banda mah ngadjadikeun kauntungan nu lain leutik<sup>2</sup>, lantaran sareatna jamun harita teu datang Pa Djenar, hanteu Banda teh njawana moal kapuluk djadi korban bedogna Pa Djaja.

— Harita teh sanggeusna Pa Djenar datang deui ka pakarangan paguron, nja eta sanggeus karuhan Pa Wahidi teu kapanggih, kasampak teh Si Djiran—Si Karbol saria Si Sarbon geus tingkuniang harudang bari humaturung, ngan Banda nu masih keneh ngadjehdjer teh, manehna mah kawasna leuwih parna, bisa djadi tatu di djero lantaran manehna terus terusan ngutahkeun getih hirup.

*Pj* „Hemh . . . djahat Djaja kalakuan teh . . .” Pa Djenar ngagerendeng bari regejeng Banda dipangku, langsung dibawa ka imahna Lasmanah nu memang pantona blungbung marolongo, sot digolerkeun di tengah imah, sedengkeun Si Sarbon—Si Karbol djeung Si Djiran ngariung gigireunana.

*Bwd* „B . . . bapa . . . , Las . . . Lasmanah . . . .” Banda njarita bari panonna ngagiler ka Pa Djenar, sorana haroshos sarta pegat<sup>3</sup>.

*Pj* „Teu katulungan Banda . . . kaburu ngereles manten.”

*Bwd* „A . . . aduuyuuuh . . . . , ku . . . kumaha atuh . . . Ba . . . Bapa . . . ?” Banda ngadadak tjiponnona merebej, keur waktu tadi mah sanadjan ngarandapan mamala nu sakitu hebatna teh saketjlak oge taja tjiponon nu kaluar, tapi ajeuna sanggeus karuhan ngadenge keterangan jen Lasmanah teu kaburu katulungan, ngadadak tjiponnona njurudut nu saterusna tjipruk ngabaseuhan beungeutna.

*Prje*, „Emh... ihtar mah kurang kumaha... Banda,  
tapi... geus kitu meureun Kersana nu Maha Kawasa  
..., teu bisa ditarekahan...“

*Bwd*, „Auuuh... djanten... djanten..., kedah...  
tumamprak kasa na... nasib... Bapa? Duuuuh... deu  
deu... teuing... Las... Lasmanah... Kang...  
Kang Banda... teu... tiasa nu... nu... nulungan...“  
Banda tjipononna beuki merebej djuuh.

*Prje*, „Memang sawadjibna... Banda, naon<sup>2</sup> nu tumiba  
kana diri urang, saeutik oge teu perlu dipake aral su-  
baba... tapi teu ngandung harti urang kudu terus  
tumamprak bari taja hodjah..., ihtar mah kudu terus  
didjalankeun, ngan saajeunaeun tetela ihtar urang teh  
gagal, Nji Elas teu bisa disalametkeun tina panggawena  
leungeun<sup>3</sup> djail doroi...., tapi sanadjan kitu..., teu  
hade upama urang make kudu pegat pangbarepan....“

*Bwd*, „Emh... padahal tadi teh... Bapa, teras we atuh  
... Elas teh pilari... panginten... moal djol-djol  
tebih...“

*Prje*, „Memang kahajang mah... Banda, ngan Bapa  
teh inget ka maneh..., kasieun Bapa..., Bapa te-  
rus kadongdjonan neangan... Ki Wahidi atawa Ki  
Djaja ngarongheap deui k<sup>4</sup> dieu nandasa ka diri maneh  
dumeh tadi kapan maksudna teu kaburu kalaksanakeun

*Prje*, Kitu tah pikiran Bapa teh... Banda, geus puguh  
Nji Lasmanah mah kitu kaajaanana... tapi kaajaan  
diri maneh ulah nepi ka ngarandapan mamala nu leu-  
wi parna...“

**BND**, „Namung ... Nji Elas ... Bapa..., emh... - pisa-  
kumahaeun amarahna Djaka Santang engke....”

**Pjé**, „Keùn bae... perkara eta mah pasrahkeun ka Bapa,  
keun ku Bapa keh deuk didongengkeun kaajaan nu  
sabenerna...., oge perkara Nji Elas mah... saenjana  
teu kudu dipake hariwang teuing ..., piraku sugan Ki  
Djaja nepi ka luas iklas bilasan nandasa ka nu djadi  
alo..., sasatna anakna keneh sorangan...” Pa Djenar  
saterusna ngagedean hate Banda, oge ngagedean hatena  
sorangan deui, lantaran ari djedjeroanana mah Pa Dje-  
nar oge tetep we ngarasa hariwang, sanadjan bener Pa  
Djaja teh pamanna, tapi ari geus karandjingan ku budi  
ahlak saperti sato hewan mah, teu mustabil upama ma-  
nehna seug ngalakukeun pagawean nu hina nista, ku-  
maha we sato...”

**BND**, „Mung naon maksadna... nu mawi Pa Djaja...  
maksa mirusa njandak Nji Elas...”

**Pjé**, „Bapa ge teu ngarti, ah... hajang puas we meu-  
reun... supaja bisa leuwih nganjerieun ka pihak urang  
....“ Pa Djenar bari muka badju kampret Banda,  
heg dadana diurutan.

**BND**, „Namung Bapa... tadi teh katingal aja Si Karun”

**Pjé**, „Si Karun? Nu bener... Banda?“ Pa Djenar  
ngariuk kaget, puguh manehanana mah sama sakali teu  
njahoeun, lantaran waktu Pa Djenar ngarongheap, Si  
Karun mah geuwat ngagadjeng ka luareun pager paka-  
rangan.

**BND**, „Sumuhun Bapa...”

„Malah ... sareng abdi padungdungna oge ...” Si  
Djiran mairan, nguatkeun keterangan Banda.

„Aeh ... kutan, asa teu kaharti... Ki Djaja bet  
nepi ka ngahidji djeung Si Karun...”  
„Ieu rupina..., nu mawi Nji Elas dipaksa ditjan-  
dak oge Pa...”

„Eu... maksud Banda teh..., Nji Elas... deuk  
diparabkeun ka Si Karun kitu?” Pa Djenar nanjana  
sewot.

„Rupina Pa...”

„Hemh... kurang adjar mun enja teh kitu maksud-  
na ... eu... perlu disusul ajeuna<sup>2</sup> atuh..., hemh ...  
moal teu dibawa ka Puntjaktjae...” Pa Djenar nga-  
gerentes satengah njarita ka dirina sorangan.

„Kantenan we Bapa... kedah disusul enggal<sup>2</sup>. ”

„Enja..., eu... geus mending meureun meueusan  
ajeuna mah...” Pa Djenar bari ngareret ka Banda.

„Atos Pa..., mangga we ajeuna urang susul sareng  
abdi...”

„Eum..., nanjakeun geus mending soteh lain deuk  
dibawa, Banda mah perlu tjitjing di dieu... bisi aja  
naon<sup>2</sup>, maksud Bapa teh... supaja teu melang ninggal-  
keun ari geus rada sehat mah...”

„Eu... djanten .. bade disusul ku Bapa njalira?”

„Enja..., eu... bisi isukan Djaka Santang datang,  
Bapa masih keneh tatjan ka dieu..., dongengan we  
ku Banda saperluna, sarta lamun deuk nhusul... sungsi  
we kitu ka Puntjaktjae...” Pa Djenar bari djung  
nangtung.

BND „Sareng abdi we atuh.... Pa, da tos kiat....”  
Banda bari maksakeun hudang,

PJE „Entong.... Banda mah perlu tjitjing di dieu... -  
bisi aja naon-naon... “ Pa Djenar keukeuh ngahulag.

BND „Eu... njandak rentjang we atuh saurang... Pa?”  
PJE „Keun bae......., deuk Bapa we sorangan supaja  
hampang himping, eu.... sing hade<sup>2</sup> di dieu... Banda,  
upama isukan Djaka Santang kabeneran ngarongheap,  
kitu we eta mah....., omat sing bisa njaritakeunana,  
oge bisi perlu deuk njesul mah nja eta sungsi we ka  
Puntjaktjae....”

BND „Mangga atuh....., sae Pa..., mangga sedja di-  
estokeun pisan....”

PJE „Enja...., heg atuh Rapa deuk indit....”  
Pa Djenar bari terus ngalengkah kaluar ti djero imab,  
geus aja di buruan ngarandeg heula sakeudeung nitenan  
sakurilingna, sanggeus tetela taja deudeuleuan nu matak  
njurigakeun, djorelat.... djleng.... manehna nga-  
luntjatan pager pakarangan, geus aja di luar langsung  
ngagedig ninggalkeun paguron bari teu luak lieuk deui  
ka tukang....”

~Tjaturkeun Pa Wahidi, waktu tadi mangret teh  
saenjana mah teu terus kebat, tapi manehna asup ka  
djero lembur peuntaseun djalan nu pacunteung eunteung  
djeung paguron, ngadedempes di nu poek bari panon  
mah teu leupas nitenan ka djalan.

→ Puguh we manehna awas naker kana peta polahna

Pa Djenar nu daragdag deregdeg ka ditu ka dieu, sarta barang Pa Djenar geus karuhan asup deui ka pakaran ngan paguron, kakara Pa Wahidi kaluar tina panjungan putanana, sarta langsung ngabeletjet ka beulah kidul maksudna deuk njesul Pa Djaja sabaturna, geus bisa dipastikeun jen moal teu ka dinja lumpatna, lantaran geus dipaheu keun ti samemehna.

-Geus djauh naker kasusulna teh, mana pantes tadi teu bisa kapanggih ku Pa Djenar, sok padahal laleum-pangna teh satulujna mah antare naker, atuh Lasmanah ajeuna mah geus teu dibekem sarta ditalikung deui, leumpangna ngalenghoj sina ngarendeng djeung Mursiah, tukangeunana mani teu sirikna silih sedekeun, Si Karun djeung Si Anta, masing<sup>2</sup> embung padjauh ti Lasmanah.

-Geus puguh Si Karun mah nu memangna geus udjub, jen Lasmanah teh tangtu bakal kapimilik ku manehanana, atuh Si Anta oge pikiranana nya kitu pisan, hanas eta manchna geus ngadenge pokpokanana Si Karun sarta pasanggupanana Pa Wahidi, teu matak djadi halangan ieu, angkeuhan urang paheula heula we sadjan kudu ngalakon ribut padungdung djeung Si Karun, saeutik oge moal mundur, ongkoh pamikirna, dina emprona mah Pa Wahidi teh tangtu bakal mihak ka manehanana.

-Ieu sababna nu matak Si Anta teu daekeun djauh ti budjureun Lasmanah, nu pikeun Si Karun mah teu saeutik matak nimbulkeun kakeuheul boga rasa digamanan, geus aja tilu kalina manehna ngadelekan ka Si

Anta, tapi ditampana ku Si Anta kalah ka njangerengan  
nembongkeun huntu, nu antukna ieu dua djelema sili  
herengen teu beda ti Si Tumang marebutkeun tulang.  
*jaya*, Kumaha Ki Adi....tadi teh? Pa Diaja nanjakeun  
ka Pa Wahidi, sanggeusna ngarendeng, harita teh Pa  
Wahidi kakara ngarongheap, napaasnna oge masih keneh  
tempong ngahegak.

*101* „Naon tea....Kang Djaja?” Pa Wahidi kalah ka  
malik nanja.

*jaya* „Eta....Si Djenar....”

*102* „Euh....ah..teu dilawan saenjana..., asal nanehna  
geus ngadjongkeng mah tjuw we diantep...ongkoh ku-  
tingna hajang geura<sup>2</sup> njasul Kang Djaja....” Pa Wahidi  
njaritana teu kireum<sup>2</sup>.

*jaya* “Padahal Ki Adi, beresan we sakalian, tuman....  
engkena bakal djadi hama pikeun urang, komo geura  
geus datang Si Djaka Santang djeung batur<sup>2</sup>na....ulah<sup>2</sup>  
njarusul ....” Pa Djaja bari ngareret ka Pa Wahidi sarta  
riukna bangun nu handjakaleun naker.

*103* „Ah....urang terus we ka Sumadra tong ngatereb  
heula di Puntjaktjae....”

*jaya*, Ajeuna....Ki Adi?”

*104* „Enja....ka Puntjaktjae mah urang njampeur heula  
itu we....babaturanana Ki Karun, lumajan loba batur  
mah....Kang, lantaran pigaweeun urang di Sumadra teh  
lain enteng enteng....”

*jaya* „Deub....ripuh atuh diteruskeun peuting ieu keneh  
mah....Ki Adi, kumaha mun urang ngatereb heula we  
sapeuting mah....”

„Ih ari Akang, kumaha mun kaburu kabeledig ku  
du njesul, saba nu njaho....peuting ieu Si Djaka San-  
tang datang ka Samarang, da sahanteuna piraku teu  
dibedjaan. eu....eu ka Dawuan nja mantogna Si Djaka  
Santang teh?” Pa Wahidi saterusna nanjakeun.

„Enja....tapi kawasna ...moal peuting ieu mah...”  
„Ih....ulah sok mokahaan ...Kang, geuraheun....  
mangka kapan Si Lasmanah ajeuna ku urang dibawa..”

„Ah...urang sanghareupan we ari enja mah dara-  
ting, naha make kudu sieun<sup>2</sup>, kapan loba batur ieu...”  
„Ih kurang hade....bisi telat deui datang ka  
Sumadra, kapan Djang Kardi sakitu ipat ipatanana ka  
Si Anta, tjenah urang teh kudu buru<sup>2</sup> datang ka ditu  
lantaran aja perelu....”

—Djawab kitu teh Pa Djaja teu njarita deui, tapi ari  
hatena mah keukeuh ngarasa boream ari sapeupeuting  
kudu terus lumaku ka Sumadra mah, mangka<sup>2</sup> tangtu  
ngagunakeun djalan torobosan, malah harita oge laleum  
pangna teh ngagunakeun djalan torobosan, karasa ma-  
tak riuhna kana dampa! suku lantaran lain sakali dua  
kali nintjakan bstu sareukeut atawana tjutjuk tungga,  
bener ge bulan masih keneh tempong, tapi eukeur mah  
ngan ukur rejem<sup>2</sup>, katurug turug djalan nu disorang  
teh harieum naker ku tatangkalan nu tingdjellegdjeg di  
ditu di dieu, matak nimbulkeun remeng deudeuleuan.

- Ari Lasmanah sadjeroning nikreuh teh hatena mah teu petot sasambat ka nu Kawasa, njuhunkeun disalamekun tina tjotjoba nu ajeuna keur karandapan, atuh tempo<sup>2</sup> dipaselangkeun djeung njambat<sup>3</sup> ka Djaka Santang bari dibarengan ku njurudutna tijpanon, ngingsreuk sadjadilan, ka surung ku rasa sedibna nu beuki lila beuki tingteletit karasana kana ati, antukna make biji-  
dji rasa tugenah kabina bina boga rasa dimomorekeun  
ku nu djadi panutan nu njatana kalah ka ngampleng,  
lir nu geus teu mirosea deui, diebrekheun ku kotjeakna  
tjeurik hate nu piouh ku kasamaran, madjarkeun teh:

- Ari kabisa ngan tjeurik
- Deukeut deuleu pondok lengkah
- Kawantu abdi awewe
- Seucur karisi karempan
- Sagala ngan halangan
- Kawuwuh pangadjak napsu
- Sok tara djeung kira kira.
  
- Njeri peurih geus kapauggih
- Lara wirang geus kasorang
- Sono bogoh geus kalakon
- Kadjeun abdi masision
- Atawa mileuweungan
- Badan diriung ku bingung
- Abdi mah moal kapalang.

Ditoker sarebu kali  
Tjarek wiwilanganana  
Abdi mah rek montel bae  
Balik ge balik kamana  
Geus teu indung teu bapa  
Taja geusan sumalindung  
Nitipkeun raga djeung njawa.

Sabadjan geus titis tulis  
Njorang kana pipisahan  
Lain lantaran tjampolch  
Ku deungeun keuna wisaja  
Geuning kieu temahna  
Padahal diri saestu  
Luas iklas bibilaan.....

„Duuuh....Kang Santaaaang....na atuh....Eng.  
kang teh mana tega<sup>2</sup> teuing....da upami henteu ngan-  
tunkeun mah....,Eias teh moal dugi ka kieuna....emh  
....Engkang mah ku harianeun .. madjar bade sake.  
dap....,ahirna dugi ka nɔampleng ...,duuuuh....Kang  
Santaaaang....,kaja kieu mah..samar tiasa tepang deui  
....”La,maoah bari terus nginghak suku rintjug mah  
geus teu ditolih balas titataradong.

„Meugeus montong djebelch... Lasmanah! Inget ka  
Si Banda atawa inget ka Si Santang maneh teh..hah?”  
Mursiah ngagebes gigireun, panonna mendelik teu beda  
ti mata heulang.

— Lasmanah teu nembal; malah tijpanomna kalah ka-deuki djuuh, ngadenge pokpokanana Mursiah kitu teh karasana beuki tingtjeletit tingsereset, ati peurih lir digerih djadjantung rotjop hr nu didudutan, tina ku bawaling katjida kanjenjerianana — . . .

oooOooo

### BAGIAN KA — 36.

— TJATJAKAN lamun Pa Djaja teu ngagugu kana kahajangna Pa Wahidi, kana pasti bakal timbul riributan deui djeung Pa Djenar, lantaran ngan ukur heuleut djaman ti sapiakna ariudit deui ti tempatna Pa Wahidi torodjol teh Pa Djenar ka Puntjaktae, atuh ngan ukur manggihan urutna bari teu kanjaboan kamana arinditna, sakur tatangga<sup>2</sup>na saurang oge taja nu njahoeun.

— Memang teu salah<sup>2</sup> teuing idjiranana Pa Wahidi teh, lantaran ku manehna oge geus bisa dibajangkeun pasti Pa Djenar teh bakal njesul sanadjan ngan ukur sorangan, tadi mah njabit<sup>2</sup> Djaka Santang soteh, saenjana mah ngan sakadar alesan nu di djieun djieun, ulah nepi ka kanjahoan jen manehna saenjana mah geus geus ngarasa miris ku Pa Djenar ongkoh kapan ngahutuna mah sakitu harusna nu saolah olah njebutkeun jen Pa Djenar teh kasoran ku manehbanana.

~ Seiengkeun Pa Djenar barang geus karuhan uda,  
ganana poos, puguh we lain deui ngarasa bingungna,  
bakuna mah ngarasa melang nu lain dikiuna ka Lasma.  
nah, tapi mun deuk terus disusul nja disusul kamana  
da poguh teu kanjahoan tudjuhanana, mangka<sup>2</sup> tjenah  
tjeuk nu mere keterangan geus rada lila arinditna teh.

~ Antukna mah leos bae Pa Djenar balik deui, hatena  
gilig jen perkara kadijadi ieu teh kudu buru<sup>2</sup> dibedja-  
keun ka Djaka Santang nu masih keneh aja diDawuan  
deuk ngahires salah saurang muridna we nu mangkuk  
di Bandjarsari, tapi geus tangtu bakal ngadatangkan  
heula ka Samarang, bisi Banda katut batur<sup>2</sup>na dareu-  
deupeun.

~ Sadatangna ka Samarang lain deui dibu bururuna ku  
Banda, bari hate mah geus teu puguh tasakeuneunana  
lantaran tiela Lasmanah teh teu kab wa, atuh sang.  
geusna Pa Djenar tamat tijatjarita, ana djulaeu teh Ban-  
da teu beda ti nu ditotog hulu angen, nu antukna ma-  
nehna ngaheruk bari bari tjlak....tjlak.....tjipononna  
njaktjakan ngabaseuhan pipina. beuki tambah ngarasa  
bingungna lantaran ku teu bisa kanjahoan dibawa  
kamana<sup>2</sup>na, sarta djol<sup>2</sup> katjipta bae Lasmanah keur  
kokotjeakan lantaran deuk dipaksa pirusa ku Si Karun.

*Perje* „Hemh....Jalah dikumahakeun atuh.....Banda,  
tjaktjakan lamun ku Bapa kapanggih mah di Pontjaktjae  
nja bisa oge meureun Nji Elas teh katulungan. lantaran  
tekad Bapa geus pasti, djeueng tinimbang teu bisa

kabawa mah kädjeun Bapa ngaran iapan adjur lebur tutumpuran....,tapi nja eta.. - handjékalna teh ku teu kasampak...."Pa Djenar rada ngageuri njaritana.

“Naha ditjandak kamana atuh....nja Bapa?” Banda nanjana mehmehan ngabarewos, kahalangan ku nu ngagendok dina tikorp.

Pjg<sup>e</sup>, Teuing atuh....ta'anggana oge taja nu njahoan .. tapi keun bae....urang pasrahkeun we ka Gusti nu Maha Sutji....,tong ngaborongkeun ka kawasaan Pangeran... dikersakeun manehna kudu salamet mah....pasti bakal mulus rahaju. Ongkoh isukan mah Bapa teh deuk balik ....,deuk ngahiras barudak ti ditu pikeun ngabedjaan Djaka Santang ka Dawuan, keun....ajeuna mah geura reureuh we ka ditu, geus katjida peutingna ieu teh.... , boa sakeudeung deui oge kongkorongok hajam sakali geura...."Pa Djenar oge ari seuhscuhanana mah katjida ngarasa bingungna, saeutik oge manehna teu pi'an boga sangkaan jen Lismanah teh dibawa ka Sumadra, tjetjakan lamun manehna wawuheun mah ka Si Anta, djol<sup>2</sup> bisa kateguh we kamana pilumpateunana Pa Djaja katut Pa Wahidi teh tapi nja eta kabeneranana teh teu wawuheun, nu matak tumerapna ka Pa Djenar ngan ukur matak bingung nu aja, ku kituna golojoh bae manehna ka sisi bilik, ngageléhe bari nanggeuj pipi ku leungeun kentjana.

- Atuh Banda ngan ukur bisa semet ngahuleng bari ijipanonna beuki deres njaktijakanana, Si Djiran

Si Karbol katut Si Sarbon ngan dari tingharreluk pada<sup>2</sup>  
ngukut kabingung, memang ari hate mah itu ieu oge  
pada<sup>2</sup> hajang ngebrehkeun kabelaan ka anak guru nu  
ajeuna sasatna keur nauding katunggaraan, tapi nja eta  
ngan ukur semet kahajang njongsrog da puguh teu kaduga  
ku mamalana, kapan keur waktu tadi oge maranehanana  
teh ampir ampiran, kurang kurang<sup>2</sup>na ditangtajungan  
ku nu Maha Kawasa, banteu ajeuna teh taksiran ngan  
ukur kari ngaranua, nja nu djadi lantaranana mah dumeh  
kaburu datang Pa Djenar, dalah Banda mah kapan geus  
sakitu etjesna, bedog Pa Djaja sagabres gabresun deuk  
dipake rigas beuheung.

- Antukna bangblas nepi ka isuk taja nu sare sakere-  
djep, dak dumadak pitundubeun teh njararingkah, kalin-  
dih ku rasa bingung weleh teu daekeun utjul, hariwang  
teu weleh muntang karisi teu ngeumbing, lengket masket  
tingseleket dina hate.

Isukna meh bareng djeung meletekna panonpoe ti  
beulah wetan, Pa Djenar geus ngagedig ninggalkeun Ban-  
da sabatur batur, hatena geus paheut jen deuk ngahiras  
salah saurang anak muridna indit ka Dawuan pikeun  
i jusulan Djaka Santang.

- Tapi sanadjan teu disusulan oge, saenjana mah  
Djaka Santang sabatur batur dina poe eta teh deuk  
baralik ka Samarang, malah sawaktu pisan djeung  
ngaleosna Pa Djenar ti bareupeun Banda, Djaka Santang  
ngagedjlig turun ti imahna Pa Utji bari dibarengan ku

Sarah nu deuk ngadjadelpkeun ka tungtung lembur. ka  
Pa Adjengan Hadji Djarkasih djeung ka Ibu Hadji,  
geus ti peuting keneh amit amitanana sakalian djeung  
bebedja ka santri<sup>2</sup> urut babaturanana.

-Harita teh Medi djeung Sidik geus mheulaan bari  
dituturkeun ku Si Petjut nu ngitjlik pandeuri, kawasna  
ngaraskeun ka nu keur sosonoan, bisi gamab, ku kituna  
diongdiom naker Djaka Santang ngarendeng djeung Sa-  
rah lateumpangna tingketejep ogan ukur dibaturan ku  
Si Rujuk nu njengijle dina tak tak dununganana.

Argi „Kang Santang....“ Sarah semu ngaharewos ngaba-  
rengan len<sub>2</sub>kahna nu ngan ukur tiap we ngised, beurat  
karasana deuk madju teh, komo atuh tungtung lembur  
geus kadjeueung hareupeun, sasatna nu ngawatesanan  
jen didinja mangsana kudu papisah.

J.S „Aja naon....Sarah?“ Djaka Santang bari ngareret  
ebreh nu marengan teh keur tungkul ogeluk semu<sup>2</sup> nu  
ngaheruk, tapi ari giler panonna mah lingas naker.  
sakilat ngabaratas kandar ka sisi mapag panon nu  
ngareret.

Argi „Eu....leres ka Sarah teh....Kang Santang moal  
dugi ka mitjeun kitu?“ Sarah nanjana tetep bari tungkul  
bari panon ieu weleh gular giler bangun nu keur nite-  
nan tintjakeun.

J.S „Moal atuh..paripaos beulit tjinggir simpaj tangan,  
moal lali ka urang Dawuan mah...“

Argi „Bade geten ngalongokan?“

js „Insa Allah....moal dugi ka pleng lea....”

ny „Atuh ...sapertos nu teu aja kapastian geuning?”

js „Haaaar....na kumaha kitu?”

ny „Muhun....njuhunkeun nu tjindek atuh....”

js „Ib....ari Sarah, kapan kapastian mah ajana di Pa-  
ngaran, sahaos ditjindekeun oge upami teu disareangan  
ku pangersa Mantenna mah.....dimana tiasana bade  
gilaksanakeun....leres kitu?”

ny „Memang teu lepat....mung eta we... Kang San-  
tang mah....sapertos nu teu patos daria geuning?”

js „Ah....Sarah mah sok aja<sup>2</sup> bae....sing pertjanten  
we atuh ka Kang Santaag....”

ny „Djanteo....leres nja - Kang Santang teh....njaah  
ka Sarah?”

js „Hemh....teu kedah hantem hanteman ditaroskeun  
atuh....kanjaah Kang Santang ka Sarah teh teu kedah  
disangsrikeun deui....”

ny „Mung....keueung we Sarah teh, Kang Saetang..”

js „Keueung kumaha....?”

ny „Muhun ...,paur kadatangan deui ku Si Lukman..”

js „Moal daekeun ngahadja hadja ngadatangan ka  
Pasanren mah....mung Sarahna we ajeuna mah kedah  
ti sisa ngawatesanan andjeun, utah seuring teuing kaluar  
ti bumi, komo ka nd-rada<sup>2</sup> tebib mab....”

ny „Ah da tara kamamana, paling paling oge ka  
kebon....”

15 „Muhun ulah engke mah atuh upami kapaksa  
teuing mah ... nja kedah ojandak tentjang ...”

- Awahing ku dikeureujeub, sanadjan lalampangna  
teu sirikna ngarajap teu beda ti titinggi, ahirna andjog  
oge ka lembur, tungtung lembur nu dimaksud teh,  
kasampak Medi djeung Sidik keur ngadaragoan bari  
njurukkeun dampal suku kana tjai kokotjoran nu njurug  
tina kotakan sawah, bahena kana kamalir djalan nu  
mangrupa susukan leutik.

16 „Dugi ka dieu we... Rah, tong tebih<sup>2</sup> teuing, heg  
didiukeun ku Kang Santang, mugi<sup>3</sup> salamina aja dira  
ginandjar kawiludjengan...”

17 „Sami<sup>2</sup> Kang Santang... omat kedah sering ngalo.  
ngokan.... Sarah geus mimiti ngaberebejkeun tijpanon  
katjida ngarasa beuraña ditingsgalkeun teh.

18 „Teu kedah nangis atuh.... engko moal djongdjon  
Kang Santang lumakuna....”

19 „Sumuhun ... ulah ngampleng atuh....” Sarah  
bari njesutan tijpanon ku tungtung kabajana.

20 „Mol.... Rah, wiludjeng kantun we nja?”

21 „Mangga Engkang ... wiludjeng angkat....”

- Geus kitu mah leos bae Djaka Santang indit ning-  
galkeun nu ngadjengdjén keneh bari reumbaj tjiimata,  
teu wudu beurat oge deuk ninggalkeun teh, ku kituna  
sapandjang tatjan mengkol keneh mah ka djalan gede  
manehna teu weleh ngalieukan ka tukang, oge unggal<sup>4</sup>  
dilieuk teh sarah masih keneh ngadjanteng bari djeung  
gugupaj mileuleujankeun.

*MEDI*, „Matak karunja...“ Medi ngagerentes harita teh  
geus mimiti nintjak djalan gede nu brasna ka Simpang.  
*J.S.*, „Naon Maug Medi?“ Djaka Santang nanjakeun bari  
ngareret.

*MEDI*, „Sumuhun....eta Nji Sarah, ka Djang Santang teh  
sapertos nu teu kinten meulitna....“

*J.S.*, „Namung da abdi mah teu nanaon,... Mang Medi  
upami njaah mah leres ka manehanana teh, asa ka adi...“

*MEDI*, „Mung kitu buktosna geuning?“

*J.S.*, „Njetra....aja<sup>2</sup> deui bae pikabingungeun teh....“

*MEDI*, „Salah keneh Santang atuh.....“ Sidik nembrong,

ngareret bari njerengeh.

*J.S.*, „Haaar... salah kuring kumaha?“ Djaka Santang  
males ngareret bari kerung.

*MEDI*, Tadina meureun...., diberean teuing hate....“

*J.S.*, „Ah henteu....tjeuk rarasaan kuring mah.. tjampur  
gaul djeung manehanana teh wadjar we...\_, ongkoh deui  
kuringna ge harita mah tjan mantra<sup>2</sup> atjan ngaiti kana  
urusan nu kitu....“

*MEDI*, „Geuning tjenah....kungsi ditimburukeun ka Si  
Lukman?“

*J.S.*, „Enja....tapi da kuring mah harita ge teu ngabo-  
gaan parasaan naon?....“

*MEDI*, „Tapi buktina ajeuna, mani montel geuning....?“

*J.S.*, „Njaeta....mana matak pikabingungeun oge....“

*MEDI*, „Na make bingung. djełaskeuu we kamanchanana...  
lamun Santang terus terang mah moal masket kitu....“

JS „Beurat deuk ngedalkeudana, Dik... teu tega...“  
DJK „Njeta....manu tjeuk kuring oge salah keneh  
Santang... hehebeh...“ Sidik ditungtungan ku nga.  
heheh.

JS „Bae deuh... da ajeunus mah geus padjauh  
ieuuh...“

DJK „Tjenah geuning... menta dilengokan?“

JS „Ah ari daek... tapi ari sakira matak ngadju-  
wetkeun kana hate mah moai...“

MEU „Beuki komo upama kitu mah... Santang teh  
beuki natrat salahna...“

JS „Naba?“

MEU „Sarua we djeung nu nganjenjeri...“

— Dikitukeun teh Djaka Santang teu njarita.deui  
rumasa kapeped bakuna mah; memang enja ari  
disaliksik ku pikir disasar ku kira<sup>2</sup>, dipikir dibulak  
dibalik dipapaj di kira, memang natrat kasalaban  
teh njoko di manehanana, teu daek ngebrehkeun  
cusi hate nu sabenerna.

— Andjog ka Simpang, leok mengkol ka katuhu  
ngambah djalan nu brasna ka Pasirwangi, teu lila  
breh urut basa galungan djeung Si Lukman, djong-  
djon we laleumpang bari hate mah teu ngabogaan  
tiuriga naon<sup>3</sup>, sok padahal di beh hareup aja nu  
keur ngadago njalingker tukangeun tangkal djoher,  
nu taja han ti Pa Dugala nu masik keneh panasa-  
raneun ku Djaka Santang.

— Tadi teh waktu kakara nintjak djalan gede,  
djol<sup>2</sup> katempoeun we ku Si Sam s a nu  
memang na saban poc oge sok

tjindekul di palebah dinja di warung sisi djalan,  
ngahadja keur ngintip<sup>2</sup> Djaka Santang deuk dipe.  
gat dimana mānehna balik ti Dawuan,

— Kalawan teu kanjahoan ku nu tiluan da puguh  
jaleumpang bari ngobrol, Si Samsa ngabeletjet ml.  
heulaan ka Simpang manggihan Pa Dugala, geus ki-  
tu mah beletjet deui Pa Dugala indit dibaragan  
ku Si Lukman Si Baridji karut Si Samsa oge milu,  
maksudna deuk dihadang di djadjalaneun nu katji-  
da sepina.

— Lar nu tiluan ngaliwat ka hareupeun tangkal  
djohar nu dipake panjumputan djorelat ... djilig ...  
Pa Dugala luntjat ka tengah djalan, saterusna ngar-  
bedega ngahadang djadjalaneun.

• Puguh we tumerapna ka nu tilnan lain deui  
rareuwaseunana, Si Petjut kontan njungungug, se-  
deng Si kujuk ngagelik di luhur, seot ... tjele eun-  
teup dia tak tak dununganana, matana gular giler  
ka Pa Dugala.

» „Hahahah ... montong madiukeun sato hewan  
deuleun! Oge nu sedjen montong pipilueun, nu di-  
piharep ku kaula ngan Si Djaka Santang saurang!“  
Pa Dugala ngorowok handaruun bari dimimitian ku  
ngahabah matak sawan budak borangan.

„E ... eh ... Pa Dugala?“ Djaka Santang kaget  
oge, rei ka anak buabna, ngadjengdjreng luhureun  
kuta djalan.

» „Memang kaula Dugala ... Santang! Hajoh ...  
urang papatunggalan deui djeung kaula ... urang

idjen ... Santang! Tong sieun dikerepuuk lantaran  
murid kaula moal ilubiung!" Pa Dugala nangtang bari  
ngadjega pinuh sajaga.

„Ojeung! kami heula we deuleu! Ulah waka  
dieung anak aing ... Dugala!" Medi njeureudeug  
ka hareup djol<sup>2</sup> ngusial napsuna barang mireungeuh  
lelewa Pa Dugala nu asa ieu aing naker.

„Hahahah ... taja halangan, tapi lamun njata  
Si Djaka Santang geus teu sanggapeun ngalawan!"

„Mungkur Mang ... baling ... njingkah Rajuk!"  
Djaka Santang bari ngepeskeun Si Rujuk tina taktak  
na, geus kitu srog Djaka Santang ka hareup tan-  
dangna teu eleh geleng ku nu djadi lawan.

„Baeu ... Dugala! Sakarep andika bakal dila-  
den!" Djaka Santang njirita deui ditudjukeun ka Pa  
Dugala.

„Hahahah ... bener kitu mah lalaki ... awas ...  
Santang!" Pa Dugala nu memangna embung kapiheur  
laan, djol<sup>2</sup> njewuk bae ngirimkeun panimpugna.

„Eeeeet ... !" Djaka Santang bari rikat djingkrak  
ngagunakeun gerakan kadal ka gebah, orokaja Pa  
Dugala rikat nuturkeun bari terus njewukeun peu-  
kat depok dina ulin pamonjet, habek ... -djurus Pa  
Dugala dihakan ku dampal suku, geus kitu djorelat  
Djaka Santang ngadjaul, di dieu kaistimewaanana  
gerakan Djaka Santang teh, bari tjengkat tina de-  
pokna, tuur katuhuna langsung ditundjelkeun dipake

ngabeset dada Pa Dugala bari dibarengan ku ge-  
rakan leungeun kentja katuhu ngirimkeun djurus  
ku paksi muih dina ulin mande, nu teu emis deui  
tinggaledjrot, kana palipisan djeung kana tjareham  
kituna kakara sageprakan oge Pa Dugala kapaksa  
kudu ngabebengkang, sirahna ngateletuk satakerna,  
mangka tangtunganana sakitu djangkung badag ru-  
bak dada sarta semu andihi, pantes lamun karasa  
eundeur teh teu beda ti aja lini luluwukan.

js „Hahaha... naha bet waka miheulaan moe ta.  
rang... Dugala?" Djaka Santang ngahahah mapanas.  
KL „Setan sia! Montong waka gede hate deuleul!"  
Pa Dugala bai ngagurindji i hudang, lain deui ngara-  
sa wirangna, kakara ge sageprakan bet ngadon nga,  
djurahroh, kikituna sebrut deui manehna naradjang  
sakali ieu mah manehna ngarontok bari ngarondja-  
ngkeun dua leungeuna. persis saperti ngagunakeun  
gerakan mitjan utjulidina ulin Pamatjan. ku kitu-  
na rikat Djaka Santang ngolebat ka giðir, dina  
waktu badan Pa Dugala n-alik bari tetep deuk  
ngarondjangkeun dua leuneungna. Djaka Santang  
ngagentak ngaragragkeun badanna ngagunakeun ge-  
raken hajam ngupuk bari dibarengan ku gorowokna  
nu matak "geundeurkeun djadianlung, „hakan kedel  
Duk!" peuteup kentja ngahantja kulit heuteung,  
„Uuuuh...!" Pa Dugala ngagerung bari ngaheung-  
geu sarta panona tiburial buntjelik ngarasa eungap  
nu lain dikiéuna, sabot kitu djorelat Djaka Santang

ngedjat bari langsung nedjehku, dampal sukuna ngagunakeun gerakan walangsungsang. Dek! "mindo kana beuteung. ..He - !Euuuuh - !!" Pa Dugala neaharekeng teu beda, ti nu keur ngiheudjeun di susukan tapi tetela daja tahanna Pa Dugala teh bener? matak seber nu njanghareup in, manehna boroz make ngadjengkeng sakitu beuteungna dipindo teh, teu mah kalah ka njuruntul ka bareup ngagunakeun gerakan gadjah meta, leungeun kentjana njolotjos katuhuna geus mantio gigireun dadana, sajaga pi<sup>3</sup> keun ngabedjadkeun dada'lawan atawa pikeun nga. beletukeun sirah kadjeun teuing sanadjan nepi ka beulah sarta busrat basret polona kaluar tina babatokna.

- Hal ieu tumerapna ka Djaka Santang daek teu daek kapaksa manehna ngarandjug, saha nn teu duek'ngarasa kaget atuh, sakitu beutengna beu-nang dibantja dua kali pisan. Pa Dugala kalah ka njurudug bangun nu deuk ngaluluh, tapi Djaka Santang moal mikeun lamun dirina kudu nepi ka kabeunangan, ku kituna ngagentak maneh-na ngaragragkeun deui badanna, sakali ieu mah manehna ngagunakeun gerakan heulang ngagalaprak, Pa Dugala ringeus jen nu djadi lawanna deuk ngagunakeun ulin'handip saperti tadi, ku kituna ngagentak manehna nundjelkeun tuurna pikeun ngahatja sirah, tapi Djaka Santang teu kapalingan gerak.

sakilat manehna ngabeatkeun leungeun katuhuna ngagunakeun teunggeulan kedet, „Des!”tuur Pa Dugala geus teu bisa dissalametkeun deui, bareng djeung eta leungeun kentja Djaka Santang sakilat ngarondjang ka hareup ngagunakeun gerarakan tjakar heulang, bret...—kulit beuteung Pa Dugala beunang didjambret satakerna, sanadjan bener kulit beuteungna teh teu ka djembol. tapi geus tjukup pikeun Pa Dugala nepikeun ka ngotjeak teu sirik-na maratan mega: „Aduuuuh. —!! l”sorana nepikeun ka ngadjeletit matak getek kana hang tjeuli.

—Tapi tetela Pa Dugala teh memang ngarupa. keun lawan teguh tanggoh pundjur ing ngapapak harita keneh oge leungeun kentjana mah ngaron. djang ka hareup deuk njerek punduk maksudna deuk terus ditarik ka hareup, ari leungeun katuhuna geus ngabelesur pikeun ngabedjadkeun sirah, ngan bae sanadjan bener posisi Djaka Santang masih keneh ngajapak di handap. tapi manehna geus hasil njalametkeun badanna tina gempuran nu djadi lawan ku djalan ngabalieurkenn sirahna ngabare: ngan ngagili ma badan ka heulah katuhu sedengkeun suku katuhuna r kat didjengkatkeun nu saterusna ditempatkeun disatu kangeun suku kentjana.

„Hakan kedel!” Djaka Santang ngagorowok deui ngabarengan gerakoa leungeun kentja, „Dukl” peureupna teu salah deui ngahantja iga burung, bareng djeung eta ...heat ... teunggeulan kepang leungeun

katuhuna dina gerakan babad patjing ngadiédak  
kana bintjurang Pa Dugala "Uuuuh...!" antukna pa  
Dugala nu ngabogaan tangtungan badan teu beda ti  
nu ngalinggirikna gadjah teh kapaksa kudu ngage-  
rung, sabot kicu dius... Djaka Santang ngasup.  
keun diurus paksi muih, orokaja Pa Dugala tetep  
masih keneh tjukup ngawasa dirina, gilek<sup>..</sup> ma,  
nehna teu talangke ngarobah kuda<sup>2</sup> njerong dari  
ngadiuskeun gempuran leungeun katuhuna, tapi  
Djaka Santang ngagentak ngagunakeun gerakan  
panggal muih, badanna ngadjorelat ka tukangeun  
Pa Dugala dari djurusna tetep ngadjadikeun antja,  
man nu ijin lalaworakeuneun, orokaja Pa Dugala  
oge puguh lain mangrupa lawan nu babari katipu  
atah<sup>2</sup>, njaho jen lawanna ngadjorelat sarta nu sate-  
rusna ngaleungit tina panendjona, manehna ng-  
gentak malik salapan puluh daradjat ngabarengan  
gerakan peureup katuhuna nu ngadius sadjalan  
djeung gerakna awak, nu akibatna pikeun nu njak-  
sian mah teu kira<sup>2</sup> ngarandjugna leuwih<sup>2</sup> pikeun  
pihakna Djaka Santang, lantaran harita teh boh  
peureupna Djaka Santang boh peureupna Pa Dugala,  
datang meh bareng pisan ngahantja masing<sup>2</sup> sasa-  
ranana, „Duk! Duk!” dua sora ngadjadi bidji, mun Pa  
Dugala ngan ukur ngagigeug dadana dihantja ku ge-  
rakan paksi muih, tapi Djaka Santang badanna nepi

ka ngabelesat ka fukang teu tahan ngaranepan gem,  
puran lawau nu keunana kana sirahna pisan, nu  
ahirna Djaka Santang ngagedebut sarta terus djung-  
kel djumpalik aseupan meunang sababara-  
ha djungkelan, geus kitu blak manehna nangkarak  
bari tina sungutna njebrotkeun getih hirup nu nga-  
beuleugeudeur beureum... - - HANTJA - -

oooOooo

1. Benei sakali ieu mah Djaka Santang teh nepi  
ka kasoran ku Pa Dugala?
2. Saterusna Pa Dugala dilawan ku Sidik, tapi oge  
tjenah manehna oge teu mangga pulia, wewesen  
katut djajatenna teu mahi dipake nandingan Pa  
Dugala, naha bener? Kumaha ari Medi?
3. Kumaha saterusna Djaka Santang Sidik, katut  
Medi? Kumaha nasibna Si Petjut djeung Si Rujuk?  
Saha nu mantuan ka Medi harita dina nulujkeun  
lumakuna bari mawa Djaka Santang djeung Sidik  
nu tetela geus teu walakaja?"
4. Kumah pamanggihna Pa Djenar?
5. Kumaha sikepna Djaka Santang harita barang  
dibedjaan jen Lasmanah dibawa ku Pa Djaja  
kalawan paksa?
6. Kumaha kaajaanana Lasmanah nu sasatna aja  
dina guha matjan nu deuk ngatjak<sup>2</sup> kahormatan  
dirina? Bisa oge manehanana ngabelia diri?

Ancos terasnna Djaka Santang djilid ka. I3

## Koropak:



K. N. WIDJAJA  
Gg Tjiguriang No.  
BANDUNG.

Ngaraos suge maos buku<sup>2</sup> wedal an Tjaringin anu sus medalkeun buku<sup>2</sup> karangan S. Su kandar margi salian ti ngentep seureuh, dialogna anu kotjak humorna pikalutju. eun, oge last but

not least amorna anu tjekap harmonis romantis tur henteu di implik'an ku tjariosan<sup>2</sup> anu porno, namung ieu mah luju sareng kapribadian urang Sunda hususna Indonesia umumna. Margi upami hidji karangan dilebetan ku tjariosan<sup>2</sup> porno salian ti pikasebeleun nu maos (nu anti porno) oge ngalambatkeun djalanna ijarios. Nangting alhamdulillah salami sim kuring maos buku<sup>2</sup> wedelan Tjaringin taja tjariosan nu bau<sup>2</sup> porno, oge hatur nuhun iehna diselapan ku hidji dua kalimat bagbagaan Agama. sok sanaos sakedik namung ijekap kanggo ngeelingan ka djalmi<sup>2</sup> nu kasarung kadungsang dungsang. Hatur salam ka para warga koropak di mana bae ajanal (Hatur nuhun kana perhatasan Sdrk KN Widjaja. Red).

UKEN S. RI 44 Nagarawangi TASIK MALAJA.

Hatur nuhun ka Penerbit Tjaringin sareng Pa Su-kandar, anu parantos nerbitkeun buku<sup>2</sup> satjara lang-sung ngiring tandang makalangan geusan ngarondjat-keun pembinaan mental mental Gambaran<sup>2</sup> palaku nu naodjeurkeun taadilan estu sagambar sareng tandangna para pahlawan dina sadjarah kamerdikaan anu oge henteu dileungitkeun sila kadua tina Pan-tjasila njatana perikamanusaan, Ieres<sup>2</sup> parantos nga-hidji dalit sareng djiwa para satriana sapertos Sim-bar, Sangkon, Djaka Santang sst. Pauuhun di sagigireun njiptakteun tjarios<sup>2</sup> silat oge roman detektip Sunda sapertos Enok Mae, Eulis Titi sst. Salam ka sadajana warga koropak! (Kapalaj tea Insja Allah manawi pareng kapajun urang garap. Hatur nuhun kana perhatasan Sdrk Uken S Red),

ISA SUBARSA Djl, K, I A. A. belakang 21<sup>1</sup> GARUT

Da eta mah upami ngaos tjarita silat karja Pa Su-kandar teh mani anteng, komo pun bapa mah lali bae kana pidameleun sanesna deui teh. Pokona mah tjariosna teh kadjanenan di daerah sim kuring di Garut, komo eta mah Gomilar kawasna teh kapung kur sering pisan ngalangkung ka pajuneua rorompok apan kantos liren di djalan parapatan Sukadana? Saieng dina Si Buntung Djago Tutugan, naha Tjadgasantungna masih keneh aja, apan ajeuna mah to<sup>8</sup>

didamel projek ku CV Haruman? Oge Santang ma.  
ke makalangan di Samarang na mani katjipta seluk  
belukna teh. Kumaha Pa Kandar ati guruna Santang  
ajeuna aja keneh? Rupina aja keneh nja. margi  
ajeuna oge di Samarang teh aja Hadji anu sok nga-  
wulang silat? Upami tos tamat tjarios Santang bade  
diteraskeun kana tjarios naon? Sigana mah dugi kana  
pangalaman Hadji Midradji ii Sukaregang! (Tja-  
dasgantung mah aja keneh lebah<sup>2</sup>na, Lami keneh  
Djaka Sautang teh duka diteraskeun kana tjarios  
naou, margi Sdrk Sukanjarna saurna teh teu atjan  
kaemutkeun tjenah! Red).

TATANG FRIANDANI D. Perus, Bahan Bangunan  
Parahiangan Djl Tjwalengke 18 MADJALAJA,  
Buku silat karangan Pa Sukandar anu masih keneh  
dikeureujeuh Djaka Santang sareng Waliwis Bodas  
Ku Djaka Santang katadjina teh upami nudju njang-  
hareupan musuh ku tjomowokna nu matak njentar-  
keun hate sapertos: Hakan Rompong! Hakan Lenjap!  
Komo Waliwis Bodas nu njarioskeun perdjuangan  
bangsa urang ngalawan pendjaduhan numpes kado-  
liman, toh pati djiwa raga, top iah njawa kadieu-  
keun kaamanan djeung kamerdekaan, Papuhuna Wa-  
liwis Bodas ulah waka ditamatkeun sing dugi ku  
50 djilid, sareng mugi sambung ku perdjuangan  
1945, Ach, iraha bade makalanganana putra Kos-  
wara teh? (Insja Allah urang emut heula. namung  
putra Koswara mah rupina masih keneh lami, Red).

T. UMIJATI ROSANAH Tjiateul 18<sup>c</sup>/19B BANDUNG  
Assalam mualaekum wb. Ka sadajana warga koropak  
mugi katampi salam abdi, oge teu hilap ka Pa Su.  
kandar. Teu kinten nganuhunkeunana rehna Pa Kan  
dar tos kersa ngarang buku<sup>2</sup> anu bebas diaos ku  
mudamudi. Dina buku<sup>2</sup> tea seueur pijontoeun nu  
wadjib ditjonto ku para mitra sadajana, oge panuhun  
ulah dugi ka dilebetan ku basa<sup>2</sup> tjabul, namung ke-  
dah tiasa njandak sumanget kana kapribadian Sun-  
da saestu. (Lisja Allan pamundut diperhatoskeun  
pisan. Red).

KASSAN D. S. Djl. Ampera Kp. Gn Lipung No. 72  
TASIKMALAJA.

Ku ajana Pa Djenar saeng Aki Musani sakulawar-  
ga nu mapai'n piwuruk ka Djaka San ang. emh ka  
iaos pisan ari parantos njebat Djalu teh mani asa ka  
abdi bae, da dugi ka ngarenghap atuh disareangan  
ku geterna rasa ari maos pepelingna teh. Iraha tamat-  
na Waliwis Bodas? (Hatur nuhun kana perhatosan-  
ana Aji Kassan DS. Leres kapungkur teh lepat  
ketik kedahna Gn Lipung diserat Gn Lajung, Waliwis  
Bodas moal lamj deui oge tangtos tamat. Red).

---

SALAMINA sajagi Buku<sup>2</sup> paladjaran, madjalah<sup>2</sup>, tjari-  
us<sup>2</sup> Roman, Slat Sunda, Tjergam<sup>2</sup>/Komik<sup>2</sup>. Keng'ng  
pangarang<sup>2</sup> nu tos terkenal. Satun pingan bae ka:

Kios Buku „AMPERA“ M. Suman

Djalan ABC. Sasak Tjikapundung Bandung.

Ka para langgan nu masih keneh kagungan paetang.  
an, diantos pisan sumpingna supados sami<sup>2</sup>, pada lantjar

---

